ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАУЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№219 (22.377) • 2012 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 9, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adygpsale.ru

Бизнесым

● КъБР-м и Парламентым

зэрыщхьэщаІэтыкІым къыдэкІуэу

шынагъуэншагъэ зэрыщыІэпхъэри зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым

Бэшорэ Хьэмидрэ Шагин Сергейрэ.

**«МафІэсым и шынагъуэ къэмыгъэхъуным теухуауэ» КъБР-м и Законымрэ «2007 - 2013 гъэхэм КъБР-м и социальнэ Іэнатіэм и Іуэхущіапіэхэм мафІэс къыщымыгъэхьунымрэ» республикэ программэ хэхамрэ зэрагъэзащіэм щытепсэльыхьащ КъБР-м и Парламентым Законым тетым, хабзэр хьэмэным, жылагъуэ шынагъуэншагъэм я Іуэхущхьэкіэ и комитетым Урысей Федерацэм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм щригъэкІуэкІа и зэІуіэм. Комитетым и унафэщІ Бэшорэ Хьэмид кьыззхуэсахэм ягу кьитэкІыжащ мы Іуэхур Парламентым мыхъумыгІэу кьыззэрыщаІэтар икІи псори кьыхурищажащ екъэкІкьехьэкІ хэмылъу Іуэхум и пэжыпІэр нэрылъагъу кьащІыну.

УРЫСЕЙ Федерацэм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и унафэщІ **Шагин Сергей** и псальэм кьыхигъэщащ блэкІа илъэсым ельытауэ мы гъэм мафІэсу къэхъуари, абыхэм цыхуу хэкІуэдахэмрэ фэбжь хэзыхахэмри зэрыгъэкІуэдахэмрэ нэхъ мащІэр. МылькуйкІэ хэщІыныгъэми кІэрыхуащ, ауэ гулъытэ зыхуэщІыпхъэ Іуэху куэд иджыри щыІэщ, мы гъэм и закъуэ мафІэсу 458-рэ кьызэрыкІуэр, абыхэм цыхуэм 8 зэрыхэкІуэдар кьэпльытэмэ.

Шагин Сергей кьыхигъэщхьэхуэкІащ Шэджэм, Прохладнэ, Дзэлыкъуэ, Тэрч районэхэм щыІэ щытыкІэм эрытегушэныхьыр, а щыналъэхэм нэгъабэ нэхъэрэ мафІэс нэхъыбэ кьызэрыкІуэуар. Ауэ, мафІэс къэмыгъэхьуныкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр кьапщтэмэ, а районхэр республикэм нэхъ кьыщыкІэрыкІуэхэм я щыналъэхэм кьыхэкІыу Парламентым и комитетым кьищта унафэм ипкъ иткІэ муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм чэнджэщ ирагъэкІуэн мэхьанэ зэрыІэм я щыналъэхэм мафІэсхэр кьыщымыгъэхьуным, абы теухуа конкурс зэхьуну щыІэ щыпІэхэр жыжьэщ. Апхэуэдэу иджыпсту кьалэнышхуэу кьоуэ 2007 - 2009 гъэхэм зэтраГъэуВауэ щыта мафІэсгъэункІыфІ системэхэр зыхуэёл хуэгъэзэнырыр.

МафІэс къэмыгъэхьуным елэжь Іуэхущіапіэхэр 2007 гъэ лъандэрэ хагъэхьэжащ. Іуэхущіапіэхэм я Іэнатіэм и комитетым и унафэщІ Бэшорэ Хьэмид «Урысейм и МЧС-р илъэс 20 ирикъуащ» медалыр ираташ.

УРЫСМАМБЭТ Бэлэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэ.

Китайм и коммунистхэм я зэхуэсышхуэм

Политологхэм кьыззрагъэкІуэтэмкІэ, мы махуэхэм гуфІыгъэ зыхьыбэ дыдэ зыхуэщІыпхъэ Іуэхуэхэр кьыщекІуэжыгъ Китайрщ, экономикэ и лъэныкъуэкІэ етІуанэ увыпІэр (США-м и ужькІэ), зэрыжыжь хуэфащэ ыкІи яп увыпІэр дуней псом щыщыІыгъ къэралыгъ.

КНР-м и компартым и 18-я съездым зэрыщыкъаІамкІэ, Китайм щыпащэныр еыхэм хахыкы щхьхэунщагъэхэр зи лъабжьэ социализмэр уХуэным, Тайваным мамырыгъэ зэгурыІуэныгъэ иращІыІэнущ. Абыхэм я мурадщ 2049 гъэм ирихьэлІэу я къэралым кьыпхуэмыщІыхьужьи хуэдизу зрагъэжьыну, абы демократиер хэту.

Съездым къэрал унафэщІыр щытекІыу абы и пІэ нувэнчи и цІэри кьыщрАуэну поплъэ политикхэр. Китайм и иджырей унафащІ Ху Цзиньтао къэрал унафэр илъэсищІ хьуауэ ЗэщІэлъщ, иджы а кьулыкъуэр абы хуиГъэфэщну я гугъэщ езым и кьуэдзэ Си Цзиньпин.

ЗыхъумэжьныгъэмкІэ министрым и дзыхь зригъэзэжр

Урысей Федерацэм зыхъумэжьныгъэмкІэ и министр Шойгу Сергей а къэрал кьулыкъущІапІэм и Аппаратым и унафэщІу игъэуващ Садовенко Юрий.

Ар куэд щІауэ Шойгу и дзыхь зригъэзэ щыхуэ - МЧС-м и Аппаратым и унафэщІ кьулыкъущІапІэм и Москва областым и губернатору щыщытами, Садовенко щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэу дэжьащ.

Иджы Шойгу Сергей кьыпщІыту и унафэм щІэт кьулыкъущІапІэм мыхьэнэшхуэ щыІэнэ зэгъэщІэн Іэнатіэхэм, псальэм папщІэ, псэупІэхэм, мылькур тегушэным пыщІахэм, щылэжьэну щІыхухэри кьыхихьну. Абы щыгуэми, Шойгу изхьапэм ыдэлэжьахэм ящышхэр къыригъэлъэгъэнкІэ хъуну хуагъэфащэ.

Хабзэр гъэткІиныным хуэунэтІауэ

УФ-м и Къэрал Думэм Щынагъэншагъэм Іуэхьуэ зэІуІыныным пэщІэтынымкІэ и комитетым и унафэщІ Яровая Иринэ зэрыжиІамкІэ, хабзэубыху орган нэхъыщхьэм дызыхухэкІуэ тхьэмахуэм щыхэпльэн хуэдизу абыхэм яГъэхьэзыр щІыкъуэм Іэщ зІуну зыщІ хабзэр гъэткІиныным хуэунэтІа законопроектыр.

ЩэкІуэгъуэм и 7-м Москва и ищхъэрэ-кьуэкІыпІэ лъэныкъуэм кьыщыхьуа гуэзэгъуэм и ужькІэ апхуэдэ хабзэ ткІий щыІэным куэд и тельхьэ хуэдизу кьыщІэкІынущ. Фигу кьэдгъэкІыжыщи, хущхьэу зэхэлъхьэнри, щэным пыщІа фирмэ гуэрым и юрист Виноградов Дмитрий Іэщитl ныгъуэ и гъэлъэгъуэм яхэлъэдри, яхэуэу щІидзащ икІи цІыхуитху абдеж щиуКІащ, зыр хьэлъэ дыдэу сымаджэщым яшати, ари къахуегъэлаекым.

Джаймэ зэхищІыхьаэр

Африкэ Ищщм, Порт-Элизабет кьалэм и Іуфэм пымжыжьэу, джей абрагъуэм щыІу зэрыс кьуэхьыр щхьпІ-ригъэдзащ. Абы иса цІыхухъуэщхьи фбжькъ зэмылІуэжьыгъуэхэр ягъэзэщащ. Зыр хьэлъэ дыдэм и дзажьэхэр зэхэкъуащ, и Іуэхумрэ и лъакъуэхэмри удынышхуэ телыщ.

Абыхэм зэрыжаІэжамкІэ, джейр псым ращхьэуэдэмыщхьуэу кьыхэлъэтащ, я кхъужьыр хы Іуфэм зы километр хуэдизкІэ пэжьжьэ хьуа нэжьж. Абыхэм насыпэ яІэти, зэрысар ягъэщца хьэфэ кхъуэт. Удынышхуэ игъуэта нэужь, кхъуэкІыр щхьэпридзащ икІи псым щІилъэфа щхьэкІэ, куэд дэмыкІыу кьыпридзеижащ. Абы и нэхэр яубыдри, къеГъэлаКІуэхэр нэсу кьыхасаужьыху Индие хьм хэсащ щІалищ.



t 1900 гъэм Урысеидэхэм Маньчжуриер кьищтащ.
t 1911 гъэм Ирэ парашютыр зигъэзэнущ.
t 1918 гъэм **Кьатхъэн Назир** пащтыхь генерал Мистуловым и дзэр зэтрикьутащ.
t 1940 гъэм кьалъхуащ адыгей усакІуэ **Хьэлэщ Сэфарбий.**
t 1941 гъэм кьалъхуащ УФ-ми КъБР-ми я щыхьбэ суратыщІ, Красноярск щыІэ художественэ институтым и профессор, РАХ-м и член-корреспондент, ЩІДАА-м и академик **Пащты Герман.**

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэриты кІэ, Налшык уэлбанэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым 6 - 8 щыхъунущ.

Плэнэтэр зыгъэхьэзырар **ЖЪЫКІЭМЫХЪУ Мариэтэ.**

Къэрэл сыхьэт

Щэныгъэрэ Іэщіагъэрэ уиІэу, уи гур бгъэкІуэд хъунукъым

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Уянаев Казым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и инженерно-техническэ факультетым щеджэхэм яІущІащ, ирагъэкІуэкІ «Къэрал сыхьэт» Іуэхум тещІыхьауэ. Абы щыгъуаущ республикэм щІалэгъуэм я ІуэхуэхэмкІэ и министр Хьэжьрокъуэ Сультіан.

ЗЭІУЩІЭР кьыщІэзэІуэнхым, декан Батыр Умар кьыхигъэщащ Уянаев Казым кьыкухар кьыздебгэпа факультетыр зэрыларр.

- Фызыщеджэм щІэ иІэу сытым щыгъуи щытащ, - жиІащ Уянаевым. - Ухуэныгъэм сэри сыкуэхащІыкІыным. Мы факультетыр 1971 гъэм кьэзуха нужькІэ, япэ щыкІэ ПМК-1-м мастеру сыщылэжьащ, нужькІэ Іэнатіэ куэд зэсхъуэжкІащ. Ар щІыжькІэр мы еджапІэм щІэфхыну Іэщіагъэм Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм фыщыплэжьэну Іэмал кьызэрыитырщ.

А гупсысэм пищащ факультетым и деканми икІи кьыхигъэщащ уХуэкІуэ гуп зыгъэуІуэхэр кьыдзэгъэпэщыныр кьыззэрыгъэжьжар щІалэгъуэлэр Іэпщіэтыпащ хьуныкІэ зэрыщхьэпэр, а Іуэхур кьадзэныгъа республикэ Правительствэми фІыщІэ зэрыхуищІыр.

Нужьрейм теухуауэ Хьэжьрокъуэ Сультіан жиІащ:

- Мы гъэм щІали 100-м нэблагъэ уХуакІуэ гупхэм хэдгъэхьащ. ЕтІанэгъэ я бжьыгъэр щІыхуэ 300-м нэдгъэсыну ди мурадщ. СынволъэІу щІэкІу нэхъ жьыджэру фыщытыну. Гуп-гупурэ фызыздгъэкІуэну Іэнатіэхэм гугъуи фыщІехьынукъым, фи щхьпІри фызыщІэсынри хьэзыру фынэдгъэсынущ.

ЗэІуущІэм щІэса еджакІуэхэм ящыщ зым псалъэ щратым, нэхъыжьхэм зыхуауэщІим арэзы техьауащ, «дыщІалажьэкІэ, ди Іэщіагъэм теухуа куэдым гу лъыдотэ», - жиІэри.

І ди дэ зэманми гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм лэжьакІуэ яГъакІуэ ухуакІуэ гупхэм дахэтащ, пищащ Уянаевым - кьыхэзгъэщІыну сфІэнтгъэущ: абдежьм щызэбгъащІэр Іэщіагъэм и закъуэкъым, атІэ кьыбдджэ-кьыбдэлажьэхэмри я хьэл-щхьэр нэхъыфІу кьыбоцІыху. КьыщІэнымыщІаэр, ахъшэ гуэрхэр кьиІэжьыжьыф зэрыхъуам езы студентым и щхьэм пщІэ зурегъэщІынк.

Университетым щеджэ щІалэгъуалэр зыгъэгузавэ Іуэхугъуэхэм ящыщи еджапІэ нэхъыщхьэр кьауэмэ, лэжьапІэ кьагъуэта зэрыхъуну щыкІэр. Абы теухуауэ Уянаевым жиІащ:

- Ди республикэм и экономикэр Іэнатіэщ Іэхэм зэрыхуэныкъуэм дытопсэлъыхь. Ахэр зэтеублэнми гъэлэжьэнми пэлъэщынур фІыуэ еджа Іэщіагъэлэжьэрщ. ЩІэныгъэр здынэса Іэмалыщ Іэхэр нобэ кьэдмыгъэсэбэлмэ, пщдей дальэщІэмыхьэжьыну яІасэ хъунущ. Фи кьэру зэфхьэлІэфыну Іэнатіэщ ЖКХ-р. Правительствэм ди мурадщ ар зэрыщыту хьэрычэтыщІэхэм я Іэмыщ Іэ итльхьэну.

Мы зэІуущІэр гуапэу екІуэкІащ, щэч хэтъкъым зи щІалэгъуэхэм дежкІэ ар зэрыщыхьэпэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

«Дэфтэр хъумапІэхэмрэ жылагъуэмрэ»

● ЩІэ

журналым и 23-нэ къыдэкІыгъуэр иджыблагъэ дунейм къытехьащ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и IX Зэхуэсышхуэм ирихьэлІэу ди пащхьэ къэралыхьэ журналыр зэрыщыту зэнтеухуар ДАХ-р мужьрей илъэсищым зэрылэжьа щыкІэрщ, зэфІигъэкІа лэжьыгъэхэрщ, къыщта унафэхэрщ.

ЖУРНАЛым пэублэ псалъэ хуэхъуащ 2009 - 2012 гъэхэм ДАХ-м и тхьэмадэу лэжьа Ажахъуэ Къанщобий кьыІаха интервьюр. Ар зэпкърыхауэ топсэлъыхь ДАХ-м и Хасащхьэмрэ Гъэззащ Іакіуэ гупымрэ зэщІыгъуэ ирагъэкІуэкІа, мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэхэм, адыгэ псоми я зэгуэхьэныгъэм и фІыщІэкІэ ди лъэпкъгъэхэм кьайхьуІаэхэм, хамэ къэралхэм щызэбгрыпхъа ди къуэшхэм ящыщу кьэзыгъэзэжахэм, еджакІуэ кьэкІуахэм я Іуэху зыІутым, хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм щылажьэ къудамэхэм зэфІах лэжьыгъэхэм, нэгъуэщІхэмри.

Журналым и ятэ Іыхьищым зэщІхьэщыхьуэ къыщыгъэльэгъащ блэкІа илъэсищым ДАХ-м къэрал къульыкъущІапІэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм лъэІукІэ зэрызэхуигъэзэа дэфтэрхэр, абыхэм яІа жауэтхэр, ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ махуэшхуэхэр, щыгъуэ, фэеплъ махуэхэр зэрырагъэкІуэкІар, адыгэхэм ехьэлІа кьалэн зэхуэмыдэхэм УФ-м, КъБР-м я утыкушхуэхэм зэрыщытепсэлъыхьар, щыхуэ щыхьэхуэхэм я Іуэху еплъыкІэхэмрэ бгъэдыхьэкІэщІэхэмрэ, нэгъуэщІхэри.

Апхуэдэуи журналым ихуащ адыгэ псоми я зэхуэдэ литературэбзэ зэхэлъхьэным, ди лъэпкъым кьыхуэхъуІа лъэпсэрыхьэр Урысей, хамэ къэрал политикэхэм кьыззрыщыгъэпльэгъуащ, Сочэ щекІуэкІыну Олимп Джэгуэхэм адыгэ Іуэхуэр хэгъэхьэн зэрыхуейм ельэпІауэ УФ-м и Президентым зэрызыхуагъэзэам теухуа тхыгъэ гъэщІэгъуэнэхэр. Блэкіа илъэсищым кьыщІэкІынри Хасащхьэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр жылагъуэм кьаэзрыщыкъуэр кьащІэн мурадкІэ, зи Іэщіагъэкіэ, щІэныгъэкіэ, ныбжькІэ зэхуэмыдэ щІыху 200-м кьрагъэІуэта гупсысэхэр.

Зи цІэр дунейм кьытенэр мылІа пэлъытащ жалэ. Блэкіа илъэсищым кьыщИщІытэжьм журналым гулъытэншэу кьигъэнаьым «адыгэ дунейм» щІэрыІуэу хэта, зи пэлъкъэгъуэм папщІэ и кьару емыблэжу лэжьа, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, УФ-м, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ Думэн Хьэсэн, КъБР-м и щІыхьэ зиІэ, щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Нало Заур, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ ЦІыпІынэ Аслъэн сымэ.

Зи гугъу тщІы тхыгъэхэр дадзыгъэзэкІи, тІыркубзэкІи, инджылызыбзэкІи итщ журналым, апхуэдэуи ирагъэкІуэкІа зэхуэсхэм, адыгэм и дунейм кьыщыхъуа махуэ лъапІэхэм щытраха суратхэмкІэ гъэщІэрэщІащ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Ди къуэш республикэхэм

Сом мелуан 15-м щІигъу хухах

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм кьыщащтащ КъШІР-м библиотекэ Іуэхум зыщІэзыужьыным хузунэтІа 2013 - 2015 гъэхэм ятещІыхьа программэ. Республикэ бюджетым абы хухихьнущ сом мелуан 15,4-рэ.***

МУРАД нэхъыщхьэр республикэм и библиотекэхэм я лэжьыгъэ егъэфІэкІуэныгьр, я материально-техникэ лъабжьэр гъэбыныгьр, иджырей мардэхэм хуэгъэкІуэныгьр.

Уасэр зэрагъэкІуэнущ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и правительствэм муниципалитетхэм яхунгъэуващ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм екІуэкІ жармыкІэхэм щызекІуэ уасэжэр я нэІэм щІагъэзынри, ахэр нэхъ ещэгъыргъэу ящІынымк хъэрычэтщІэхэм.***

Адыгейм и Іэтащхьэмрэ премьер-министрымрэ кьызэралъытэмкІэ, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм ирагъэкІуэкІ жармыкІэхэм щызекІуэ уасэр бззэрым щыІэхэм нэхъ я мащІэу щытыпхъащ.

Сом мелуан 2-м нэблагъэ

Репатриантхэм защІэгъэкъуэныжкІэ фондым сом мелуани 2-м нэблагъэ Адыгейм щызэхуихьасащ. Ар трагъэкІуэдзнущ Сирием къыкІыжа я хэкуэгъуэхэм кьащта псэупІэхэм я пщІэр хуэмышІыным, абыхэм ящыкІуэ унагъуэ нэхъ хуэмышІыжьрэ студентхэмрэ мытыкункІэ защІэгъэкъуэным.

СИРИЕМ къикІыжу республикэм кьэзыгъэзэжа адыгэхэр зэкІэ 350-рэ мэхъу. Унагъуэ зыбжанэм псэупІэхэр кьащІэхуащ, адрейхэр пщІэкІэ кьащта фэтэрхэм щопсэу. Адыгейм Лъэпкъ Іуэхухэмкіэ, хэкуэгъуэм я зэпыщІэныгъэхэмрэ СМИ-мкІэ и комитетым кьызэриталкІэ, Фондым зэхуихьэ мылъкум республикэм и правительствэми хэпльэнхэгъэ хуещІ. Адэжь Хэкум кьэзыгъэзэжжэм защІэгъэкъуэн Іуэхум кьыхьыхьэу Іуэхущіапіэхэм я Іэнатіэм и комитетым захуигъэзащ республикэм и хьэрычэтыщІэхэм. КьищынэмыщІауэ, Іуэхугъуэ куэд зэфІах Адыгейм и вице-премьер Кіымпіэ Мурат зи унафэщІ, Сирием кьикІыжу кьэзыгъэзэжа адыгэхэм защІэгъэкъуэныжкІэ лэжьыгъэр зезыгъакІуэ комиссэм и фІыгъэкІэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Лэскэн куей

«Анзорейм» и зэфІэкІхэм хегъахъуэ

Лэскэн куейм щызэхэт «Анзорей» ООО-м бжьыхьэ зэжьыгъэхэр кьрехьэлІэ. Мы зэманым ирихьэлІэу а Іуэхущіапіэм щы гектар 100 ираш. Абы щыщу гектар 30-м бжьыхьэсэ гуэдзыр хасэ, адрейр гъатхэм нартыхэм хухахынущ.

ИДЖЫРЕЙ Іэмалхэр кьызэрагъэсэбэным и фІыгъэкІэ, мэкъумэщыщІэхэм гъэр яхуэфІащ: гуэдзу гектар 50, хадэхэкІыу гектар 80 кІэрыкъуншэу кьрахьэлІэжащ.

«Анзорей» ООО-м Іэщ гъэхьунымкІи и Іуэхур Іейкъым. Фермэм Іэщыщхуэу 50-м нэс тетщ. Абыхэм ящыщу 25-р жэм кьаащ. Жэмэщхэр Іэхуитльхуитщ, нэхущ, хуабэщ. Сэкъат зыгъуэта псэуальэхэр пасэу зэрагъэпэщыжащ, Іэщыр гъэ зэрыщІэкІын мэкъумыплэрэ Іуэсыпхъэрэ яГъэпхъэзыращ.

КьыхэзгъэщІапхъэщ, «Анзорей» ООО-р лъэ быдэкІэ увын папщІэ мэкъумэщ хозяйствэмкІэ куей управлением сыт щыгъуи кьаэзрыдэІэпыкъуэр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Лъэпкъ Іуэщхьэ:

Пщы зыфІэпщым пщылІ къыпфІещ.

● Щэнхабзэ

«Уэзкъуэтмэ, улъэщщ»

Цыхубз зэкъуэтыныгъэм и махуэр Урысейм гъэлъэпIэн зэрыщыщIадзэр куэд мыщIами (2005 гъэ льандрэ), абы и лъабжьэр жьыкъ кьыщожьэ. Илъэс 400 дэкIащ Минин Кузьмарэ Пожарский Дмитрийрэ пашэ зыхуэхьуа щIыхубэм зэман хьэлъэр зэрыгъэтриуIэфIэжьэ. Урысейм кьиэрыгъауэ щыта полиц зэрыпхъыкIуэхэм япхуа щIыхуэгъэ зэкъошэу, лIыгъэ зыхэлIыкIыоу и ныхъыкIэрати - зэкъуэувэфат. Араш бийм щIыпэльэщэри.

МАМЫРЫГЪЭР, зэгурыIуэныгъэр зи лъабжьэ а махуэшхуэр щэкIуэгъуэм и 4-м къэралым щагъэлъапIэ. Абы теухуа зэхьыхэ гуапэ щекIуэкIащ КъБР-м ЩIнхабзэмкIэ и фондым и унэ Налшык дэтым. Ар къыхэригъэпэщащ «Урысейм зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балкъэр щIыналъэ къудамэм. Зэхуэсым этащ лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм я лIыкIуэхэр, «Урысейм зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балкъэр щIыналъэ къудамэм и секретарым и къуэдзэ Гыллиев Ахьмэт, Урысейм, КъБР-м щIыхь зиIэ я артисткэ, КъШР-м и щIыхьэ я артисткэ Таукеновэ Галинэ сымэ, нэгъэущIхэри.

Пшыхьыр кьыщызэIуихым, Гыллиев Ахьмэт жиIащ ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр сыт щыгъуи екIуу гъэлъэпIэн зэрыхуейр, абы мыхьэнэщхуэ зэриIэр.

- Си гуапэщ Къэбэрдей-Балкъэрым щыпсэу лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я лIыкIуэхэр дгъэлъапIэ махуэщхуэм хэтыныкъыхэрихьэлIар. Дэ, политикэ партым хэтхэм, ди Iуэхур нэхьыбэу зытедхуэхуэр щIыхуэм я зэкъуэтныныгъэр едгъэбIэкIуэнырщ, я псэукIэр зэIуэпэщ тщIынырщ. Абы кьыхэкIыуи, куэд слытауэ кьыщIэкIынщ мамырыгъэр тхъуэмэным, зэрыжаIэщи, «узэкъуэтмэ, улъэщщ» - кьыхигъэщащ Гыллиевым.

Таукеновэ Галинэ жиIащ щэнхабзэмрэ гъэзэджэмрэ я лэжьакIуэхэр, лъэпкъ зыщыщым емылъытауэ, сыт щыгъуи зэрыгъэкъуэтыр. Жылагъэ Iуэхуэм жыджэру хэтщ «Адыгэ Хасэ», «Адан», «Вече» зэгухьэныгъэхэр. Иужьрейм и тхьэмадэ Канунников Анатолэ кьыхэхуэсахэм махуэшхуэмкIэ екъуэхьуа нэужь, кIэщIу тепсэлыхьхащ лъэпкъ щэнхабзэ центрхэмрэ жылагъэ зэгухьэныгъэхэмрэ я IуэхущIафэхэм.

- Псори дыщыгъуазэщ мыбдеж кьекIуэлIа дэтхэнэми и лэжьыгъэр лъэпкъым я зэныбжьэгъугъэм зэрыкуэнтIар. Абы сэ срогушхуэ икIи сропагъ. Апхуэдэущ, кьыхэзгъэщыну сыхуейт, зыжьугъэ купщIафIэ куэд зэрызэфIэдгъэкIам мыхьэнэ ин зэриIэр, ауэ нэхьыбэж кьыхэрытпэщытри зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым. Иджыблагъэ республикэм и Iэтащхьэм сыIущIати, кьызжиIащ упщIэ диIэхэр, ди Iуэху еплъыкIэхэр пыухыкIауэ кьэдгъэльагъуэмэ щыIэ хэкIыпIэхэм жуаущIныныгъэ хэлъу Правительствэр зэрыхэпльэнуир. «Урысей зэкъуэт» политикэ партым хэтхэми фIыщIэ яхуэщIыкIуэ щэхьыхь дахэ кьызэрызэграгъэпэщам папщIэ, - жиIащ Канунниковым.

Зэрытщэщи, Къэбэрдей-Балкъэрым лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэу 100-м щIигъу щопсэу. Абыхэм ящыщщ осетин лъэпкъри (мин 15-м щIигъу мэхьу). Зи щIыналъэм имысыж лъэпкъым и щэнхабзэр ЕщIэмыхун папщIэ 1991 гъэ льандрэ «Ныхас» политикэр мэлажьэ. Абы и тхьэмадэ Сугкоев Рэмэзан псалъэ щратым, кьыхэгъэщащ осетинхэм Къэбэрдей-Балкъэрыр ягу зэрыдыхьэр, ущыпсэуну тыншу кьызэралытыр.

- Осетинхэр мыбы дыдэрыщыпсэуэрэ куэд щIащ. Республикэм ис цIыхухэр лэжьакIуэбэщ, Iущхэщ, уадэгъэзугрыкIуэну тыншщ. Ар фIыуэ кьыдгуроIуэ. Урысейм кьыхэтхьыкIыныгъэхэр щагъэжькIыхьу, осетинхэм я бжьгъэр нэхьыбэ зэрыхьур и щIыхьэтщ Къэбэрдей-Балкъэрым я Iуэхур зэрыщыдгъкIам. Осетин псоми кьабгъэдэкIыу сынывохьуэхьу узыишагъэ фиIэну, - жиIащ «Ныхас» центрым и тхьэмадэм.

Зэхьыхьэм кьыщыпсэльащ «Дагъыстэн», «Сябры» лъэпкъ щэнхабзэ центрхэми я унафэщIхэр.

ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэмкIэ кьызэхуэсахэм ехьуэхьуу пшыхьым уэрэд щыжаIащ Ташло Алий, Ракитинэ Иринэ, Даур Иринэ, Бий Ацльэн сымэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

1938 гъэм щэкIуэгъуэм и 9-м и жэщым Германиемрэ Австриемрэ я щIыналъэхэм ис жэутхэм этауэ щытащ. Нацистхэм журтхэр хьэлэбэлыкъ щыхадза пщыхьым «Хрусталь жэщ», «Витринэ кьутахэм я жэщ» фIащыжащ нужьыкIэ. А зэрыхьзэрийм щIыхуу 90-м щIигъу зэкIуэдащ, 30-м нэблагъэ кьаубыдри, хьэпсым ирадзащ.

СИНАГОГЭХЭР, тыкуэнхэр, нэгъэущI куэди Iисраф ящIат абы щыгъуэ. Ижь жащ шынагъуэр Холокостым - журт лъэпкъыр гущIегъуншэу гъэкIуэдыным - щIэдзапIэ хуэхъуауэ кьаалыт. Фигу кьыдогъэкIыж: Холокостым мелуаниплиардым нэблагъэ хэкIуэдащ. Тхыдэджхэм кьызэралытэмкIэ, Европэм и къэралхэм, къапщтэмэ, Германием, я унафэщIхэм лъэпкъ зэхэтхэжьыр къаубгырыбIэмэ Iуэхуэм кьыхэкIащ «Хрусталь жэщри» Холокостри.

НобэкIэ дызыгъэгузавэр мымащIэми, зыщыдгъэгъупщэнкIэ Iэмал иIэкъым Холокостыр - лъэпкъ щхьэхуэм и Iуэхуу зэрыщымытпр, атIэ ар и щапхъэ нэрылъагъущ зым и мыхьэнэр, къаурр кьитлъэлъэгъуэн папщIэ адрейр хэутэн зэриIуэм. ЦIыхугъэм кьемызэгъущ апхуэдэ щIэпхъаджагъэр.

«Къремыхъу апхуэдэ афIэкIа!» псалъэхэр цIыхуцIэ зиIэм я гъуэзэщ щымытмэ, апхуэдэ залымыгъэм зыщытхъумэфынукъым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Жэрдэм

ЩIыуэпсым хуэгуапэу ягъасэ

Ди республикэм и лIыкIуэр хэтащ «Псоу, мэз!» урысейпсо Iуэхум. КъБР-м МЗз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым и зэрэдмкIэ кьызэрагъэпэщa Iуэхум щыджэру хэтащ Хьыжьрокъуэ Сультан зи Iэтащхьэ ЩIалэгъуалэм я IуэхуэхмкIэ министерствэр.

А МАХУЭМ Налшык щызэхуэсат жэрдэмщIакIуэхэр, шокIакIуэхэр, студентхэр, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лэжьакIуэхэр. Сыхьэт зыбжанэм кьриубыдэу ХьэтIохьущокьуэм и хадэм жыг 500 щысасащ.

«Мы Iуэхум нэхьыщхьэу хэтыр щIалэгъуалэр жьыджэру зэрыхэтырщ. Псом хуэмыдэу сабийхэм яфIэгъэщIэгъэнщ я жыг зырыз зэрыхасэр. Ар щыхьэт тохьуэ уи щIыналъэм хуэпIэ лъагъуныгъэм, лэжьыгъэм зэрызыщымыдзэйм, жылагъуэ Iуэху бгъэкIуэтэну уэзэрыхуейм. Мыпхуэдэ Iуэхухэр нэхъыбэрэ едгъэкIуэкIмэ, щIалэгъуалэр дыкъэзыухьуреихь дунейм нэхъ хуэгуапэ хъуну кьысщохьу», - жиIащ Хьыжьрокъуэм.

ПЩЫПЪУЭШ Асият.

Жыгым и хэсэгъуэщ

Къулыкъужьи Ищхьэрэ дэт 4-нэ курыт школым щелджэхэмрэ щылажьэхэмрэ жыджэру хэтащ «Псоу, мэз!» урысейпсо Iуэхум. Абыхэм еджапIэмрэ сабий гъэсапIэмрэ и Iэгъуэблагъэм пхьэхуей 50 щыхасащ.

А IУЭХУР дахэу кьызэрагъэпэщат: ныбжьыщIэхэм мэзхэмэ я кьалэнхэр ягъэлъэгъащ, щIыуэпсым и бзаджэ кьызыхэщ уэрэдхэмрэ уэсхэмрэ жаIащ. КлассщIыб сыхьэтхэр кьызэрагъэпэщащ, «Мэзыр ди хъуГуэрыIыгъуэщ» фIэщыгъэр иIэу, абы дэщIыгъуащ тхылъ гъэлъэгъуныгъэхэри. А тхылъэр кьызэIуэзых дэтхэнэми, мэзыр хьумэн зэрыхуейм и мызакъуэу, щIыуэпсым щщIэ хуэзыщI, фIыуэ зыльлагъ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я Iэдакъэщ Iэкъэм зыщагъэгъуэзэфынущ.

«Мыпхуэдэ Iуэхур щIедгъэкIуэкIыр мэзхэр хьумэныр, нэхъыбэ щIыныр я кьалэну, дыкъэзыухьуреихь дунейм щысхьу ныбжьыщIэхэр дгъэсэн папщIэщ», - жиIащ Бахьсэн лесничествэм и унафэщIым и къуэдзэ Шымэзокъуэ Адмир.

Зи гугъу тщIы курыт школым и унафэщI Нэхущ Залинэ мы Iуэхур кьызэзыгъэпэщащэм фIыщIэ яхуищащ.

АЛОКЪУЭ Аринэ.

● Нобэ Фашизмэмрэ антисемизмэмрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ

ЦIыхугъэм къемызэгъщ

Европэм и къэралхэм, къапщтэмэ, Германием, я унафэщIхэм лъэпкъ зэхэтхэжьыр къаубгырыбIэмэ Iуэхуэм кьыхэкIащ «Хрусталь жэщри» Холокостри.

НобэкIэ дызыгъэгузавэр мымащIэми, зыщыдгъэгъупщэнкIэ Iэмал иIэкъым Холокостыр - лъэпкъ щхьэхуэм и Iуэхуу зэрыщымытпр, атIэ ар и щапхъэ нэрылъагъущ зым и мыхьэнэр, къаурр кьитлъэлъэгъуэн папщIэ адрейр хэутэн зэриIуэм. ЦIыхугъэм кьемызэгъущ апхуэдэ щIэпхъаджагъэр.

«Къремыхъу апхуэдэ афIэкIа!» псалъэхэр цIыхуцIэ зиIэм я гъуэзэщ щымытмэ, апхуэдэ залымыгъэм зыщытхъумэфынукъым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Дзэлыкъуэ куей

Мэкъумэшыщ Iэхэм я екъуIэныгъэхэр

2012 гъэм дызэрытехьэрэ Дзэлыкъуэ куейм и мэкъумэщ IэнатIэхэм техникэ зэмылIэужьыгъуэу 32-рэ къащIохуащ. Район администрацэм мэкъумэщ хозяйствэхэр щIыр тэмэму къэгъэсэбэпныныкIэ и управленэм и унафэщI Тэтэркъан Лятиф къызэрыджиIамкIэ, а псоми сом мелуани 10-м щIигъу текIуащ.

МЭКЪУМЭШ техникэщIэхэмкIэ хозяйствэхэр кьызэгъэпэщыным екъэлIауэ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхьэхэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкI Iуэхуэхэм япкъ иткIэ, Дзэлыкъуэ куейм лизинг мардэкIэ иджыри техникэу 2 кьыIэрыхьащ, арщхьэкIэ ари яхурикъуркъым. Псом хуэмыдэу нартыху кьызэрах комбайнхэр къомэщIэкI. НобэкIэ яIэхэм ильаси 10-м щIигъуауэ кьаГъэсэбэпхэри яхэтщ. Ахэр щIэх-щIэхьыгъэ зэрыкъутэр икIи ГъавэIухьыжыгъуэ пIалъэр ягъэгувэнкIэ зэрыхъунуир гурыIуэгъуэщ.

Мы гъэм зи къэмыхьуауэ нартыхушхуэ куейм кьыщрэхьэлIащ.

Дзэлыкъуэ районым кIэртIофыр бзэгъуэуэ кьыщрахьэлIэжащ. Хозяйствэхэм яхэтщ зы гектаремэ хуэзэу ику иту центнер 450-500 кьытезыхьэхэр. Абыхэм ящыщщ Iуэрыгъэ щIыгъуэ щопсэу, Iущхэщ, уадэгъэзугрыкIуэну тыншщ. Ар фIыуэ кьыдгуроIуэ. Урысейм кьыхэтхьыкIыныгъэхэр щагъэжькIыхьу, осетинхэм я бжьгъэр нэхьыбэ зэрыхьур и щIыхьэтщ Къэбэрдей-Балкъэрым я Iуэхур зэрыщыдгъкIам. Осетин псоми кьабгъэдэкIыу сынывохьуэхьу узыишагъэ фиIэну, - жиIащ «Ныхас» центрым и тхьэмадэм.

Зэхьыхьэм кьыщыпсэльащ «Дагъыстэн», «Сябры» лъэпкъ щэнхабзэ центрхэми я унафэщIхэр.

ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэмкIэ кьызэхуэсахэм ехьуэхьуу пшыхьым уэрэд щыжаIащ Ташло Алий, Ракитинэ Иринэ, Даур Иринэ, Бий Ацльэн сымэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Зэпеуэ

Нэхъ дахэр зэхагъэкI

Урысей ФСИН-м и Iуэхущапхъэ КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ «Мисс УИС» еплIанэ урысейпсо зэпеуэм и яп Iыхьэр.

АБЫ хэтащ ренэгъэ и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ Iэнатlэм и лэжьакIуэ 63ныбжьыгъэ 7. Урысей ФСИН-м КъБР-м щыIэ и управленэм и цIыхубз нэхъ дахэхэм кIэрахьуэ гъэуэнымкIэ, псым есынымкIэ, кьэжэныжькIэ я зэфIэкI ягъэлъэтуащ, УИС-м и лэжьыгъэм кьиубыдэ мардэхэр зэращIэм теууха кьэпщытэныгъэмри пэльэщащ.

Зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэр щызэхэтащ Налшык кьалэ дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуанIэм. Хьыджэбзэхэм кьызэхуэсахэр кьызэрыдахьэхьэхын хуейр я Iэщагъэм зэрыхуэIэижкьым и закъуэтжьым, атIэ я зэфIэкIыр, зыныбжьыгъэ кIэ-щыкIафIэ дахэри гунэс щащIыпхьэт. Лъэпкъ фащэхэмкIэ хуэпа пащащхэр я льахэм тепсэлыхьащ, дахэу кьэфащ. Iэгуауэщхуэ зыаIэтащ абыхэм яГъэзэщIа «Лъэхъущтангро»-ми, нэгъэущI зэпеуэхэми.

Залым кьыщызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ УФ-м, КъБР-м щыкъ зиIэ я артисткэ Батыр Мухьэдинрэ Ташло Алийрэ, Горькэм и цIэр зезыхьэ Урыс драмтеатрым и унафэщI Николаевэ ФатIимэ, «Глория» щапхъэу яГъэльагъуэ ансамблым и унафэщI Никитинэ Марие, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм профессиональнэ гъуэзэджэмрэ художественнэ щIэныгъэмкIэ и кьудамэм и унафэщI ПащIэ Рамед сымэ.

Жюрим хэтхэм, кьызэхуэсахэм зэдзэрэзыуэ «Мисс УИС» саугъэт нэхьыщхьэр ягъэлэфэщащ КъБР-м щыIэ УФСИН-м щынагъуэншэ гъэмкIэ и кьудамэм и инспектор нэхьыщхьэ Хьэтхьуэ Регинэ. «Мисс очарование» кьуаш ИК-1-м и психолог нэхьыжь, кьэрал кIэщI Тхьупыкьым и лейтенант Тхьэпэлыкъ Сэтэней, «Мисс зрительских симпатий» саугъэтыр лысащ ПУТСО-м и оператор Акаевэ Жаннетэ.

Зэпеуэм хэта дэтхэнэми дипломхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ яратащ. Абыхэм фIыщIэ щахуищIым Болэ Айвар кьыхигъэщащ КъБР-м и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ Iэнатlэм щыхубз 377-рэ зэрыщылажьэр. «Къалэн мытынышыр цIыхухьхуэм кьакIэрымыхуу дэтхэнэ IэнатIэмэ щрахьэкI ди цIыхубзхэм. Ди зэхуэдэ кьалэн нэхьыщхьэр ягъэзэщIащ КъБР-м и унафэщI Никитинэ Марие, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм профессиональнэ гъуэзэджэмрэ художественнэ щIэныгъэмкIэ и кьудамэм и унафэщI ПащIэ Рамед сымэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *триХащ.*

● Дзэлыкъуэ куей

Мэкъумэшыщ Iэхэм я екъуIэныгъэхэр

2012 гъэм дызэрытехьэрэ Дзэлыкъуэ куейм и мэкъумэщ Iэнатlэхэм техникэ зэмылIэужьыгъуэу 32-рэ къащIохуащ. Район администрацэм мэкъумэщ хозяйствэхэр щIыр тэмэму къэгъэсэбэпныныкIэ и управленэм и унафэщI Тэтэркъан Лятиф къызэрыджиIамкIэ, а псоми сом мелуани 10-м щIигъу текIуащ.

МЭКЪУМЭШ техникэщIэхэмкIэ хозяйствэхэр кьызэгъэпэщыным екъэлIауэ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхьэхэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкI Iуэхуэхэм япкъ иткIэ, Дзэлыкъуэ куейм лизинг мардэкIэ иджыри техникэу 2 кьыIэрыхьащ, арщхьэкIэ ари яхурикъуркъым. Псом хуэмыдэу нартыху кьызэрах комбайнхэр къомэщIэкI. НобэкIэ яIэхэм ильаси 10-м щIигъуауэ кьаГъэсэбэпхэри яхэтщ. Ахэр щIэх-щIэхьыгъэ зэрыкъутэр икIи ГъавэIухьыжыгъуэ пIалъэр ягъэгувэнкIэ зэрыхъунуир гурыIуэгъуэщ.

Мы гъэм зи къэмыхьуауэ нартыхушхуэ куейм кьыщрэхьэлIащ.

Дзэлыкъуэ районым кIэртIофыр бзэгъуэуэ кьыщрахьэлIэжащ. Хозяйствэхэм яхэтщ зы гектаремэ хуэзэу ику иту центнер 450-500 кьытезыхьэхэр. Абыхэм ящыщщ Iуэрыгъэ щIыгъуэ щопсэу, Iущхэщ, уадэгъэзугрыкIуэну тыншщ. Ар фIыуэ кьыдгуроIуэ. Урысейм кьыхэтхьыкIыныгъэхэр щагъэжькIыхьу, осетинхэм я бжьгъэр нэхьыбэ зэрыхьур и щIыхьэтщ Къэбэрдей-Балкъэрым я Iуэхур зэрыщыдгъкIам. Осетин псоми кьабгъэдэкIыу сынывохьуэхьу узыишагъэ фиIэну, - жиIащ «Ныхас» центрым и тхьэмадэм.

Зэхьыхьэм кьыщыпсэльащ «Дагъыстэн», «Сябры» лъэпкъ щэнхабзэ центрхэми я унафэщIхэр.

ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэмкIэ кьызэхуэсахэм ехьуэхьуу пшыхьым уэрэд щыжаIащ Ташло Алий, Ракитинэ Иринэ, Даур Иринэ, Бий Ацльэн сымэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Зэпеуэ

Нэхъ дахэр зэхагъэкI

Урысей ФСИН-м и Iуэхущапхъэ КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ «Мисс УИС» еплIанэ урысейпсо зэпеуэм и яп Iыхьэр.

АБЫ хэтащ ренэгъэ и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ Iэнатlэм и лэжьакIуэ 63ныбжьыгъэ 7. Урысей ФСИН-м КъБР-м щыIэ и управленэм и цIыхубз нэхъ дахэхэм кIэрахьуэ гъэуэнымкIэ, псым есынымкIэ, кьэжэныжькIэ я зэфIэкI ягъэлъэтуащ, УИС-м и лэжьыгъэм кьиубыдэ мардэхэр зэращIэм теууха кьэпщытэныгъэмри пэльэщащ.

Зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэр щызэхэтащ Налшык кьалэ дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуанIэм. Хьыджэбзэхэм кьызэхуэсахэр кьызэрыдахьэхьэхын хуейр я Iэщагъэм зэрыхуэIэижкьым и закъуэтжьым, атIэ я зэфIэкIыр, зыныбжьыгъэ кIэ-щыкIафIэ дахэри гунэс щащIыпхьэт. Лъэпкъ фащэхэмкIэ хуэпа пащащхэр я льахэм тепсэлыхьащ, дахэу кьэфащ. Iэгуауэщхуэ зыаIэтащ абыхэм ягъэзэщIа «Лъэхъущтангро»-ми, нэгъэущI зэпеуэхэми.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *триХащ.*

● КъБР-м щыIэ МВД-м

ЩIэпхъаджащIэхэр къалъыхъуэ

2012 гъэм щэкIуэгъуэм и 3-м сыхьэт 12-м Дзэлыкъуэкъуажэ дежь Iэщэкlэ щытеуащ УФ-м и МВД-м и управленэ нэхьыщхьэу КИФЩI-м щыIэм и 1-нэ ОРЧ-м и оперуполномоченнэ полицэм и подполковник Теувэж Аскэр. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, щIэпхъаджащIэхэм кьагъэсэбэпащ автомат. Офицерыр игъуэта уIэгъэхэм кьелакъым.

КЪЭРАЛ кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэм и унафэкIэ, республикэм «Вулкан-4» лэжьыгъэр щокIуэкI. БзаджащIэхэм «ВАЗ-2107» автомашинэ хужьымкIэ загъэпщкIужащ. Иужьым ар кьыщагъуэтыжащ Дзэлыкъуэ куейм хьыхь Сэрмакъ кьуажэм и Iэгъублагъэм.

Iуэхугъуэ хэхахэр щрагъэжькIуэкIым бзаджащIэхэр хэтми яубзыхуащ. Ахэр Бахьсэн куейм щыIэ бандэ гупым ящыщщ икIи щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр зэралъжьам кьыхэхьIыу, кьэралым кьыщалъыхьуэ.

Iэщэ Iэмэпсымэ, наркотик

Хабзэм кьемызэгъыу зэрагъакIуэ Iэщэмрэ абы и Iэмэпсымэхэмрэ кьатехьыным теухуа Iуэхугъуэхэр щрагъэжькIуэкIым. Прохладнэ кьалэм дэт вокзалым и утым и Iэшэльашэм полицэмрэ Урысей Федерацэм и ФСБ-м и Iуэхущапхъэ КъБР-м щыIэмрэ я лэжьакIуэхэм щыбыдащ Iуащхьэмахуэ куейм хьыхь Эльбрус жылагъуэм щыпсэур.

АР кьыщашым кьыкьуахащ дэтхэнэри грамм 200 хьууэ тротил шашки 2, скотчкIэ кьепэжкIа полимер пакет фIыцIэ (экспертэм кьызэрахутамкIэ, абы «марихуана» наркотикэжкI грамм 313,8-рэ ильт).

Кьыгъахэр КъБР-м щыIэ МВД-м и эксперт-криминалист центрым ягъэхьащ.

Iуэхур зэхэгъэкI, яубыдар КъБР-м щыIэ бзаджащIэ гупым япыщIамэ кьахутэ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хьыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и Iэнатlэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

ИщIамкIэ зеумысыж

Бахьсэн районым и прокурорым и дэпкъыкъэгъум диныгъащ УФ-м и УК-м и 228-рэ статьям и яп пунктым кьыщыгъэлъэгъэ щIэпхъаджагъэ зэрилъэкъамкIэ Куржы Аслъэн МуIэд и къуэр къэралым зэригъэжьапшэр (хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр зэрызыIэригъэхьам икIи зэрихьэмэм папщIэ).

2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м абы Бахьсэненкэ къуажэм марихуанэ куэд щыIэхуихьэсауэ, езым и щхьэм папщIэ ихьуэмрт.

Iуэхур пэублэу щызэхагъэжьми судыр щыхэпIами, зэрыкъуанщэмкIэ абы нэсу зиумысыжащ. Тезыр щытралъхьэм ар кьалытащ.

Прокурорым и дэIэпыкъуэгъым арэзы дохъури, Куржы Аслъэн и Iуэхур судым щабэу зэфIихащ. Илъэм папщIэ, абы сом мин 30 кьуэдыуэ тралъхьащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапхъэ.

Лэжьапlэ ягъэувынукъыхах

Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ Iуэхущапlэм - Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академиемрэ и Къэбэрдей-Балкъэр щIэныгъэ центрым прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ и щIэныгъэхэмкIэ къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэ - 1 IэнатIэ;

- бжьыгъэ къутахуэхэмкIэ къудамэм и стажер-къэхутакIуэ - 1 IэнатIэ.

Конкурсым щытекIуахэм зэгурыIуэныгъэ иращIыIэри, лэжьапlэ ягъэув.

Ди адресыр: 360000, КъБР, Налшык къалэ, Шортэным и уэрам, 89 «а».

Телефонхэр: 42-64-17, 42-66-61.